

KONNEN OPSYON AK RISK IMIGRASYON OU YO



Ou ka kalifye pou soulajman imigrasyon si nenpòt nan bagay sa yo aplike pou ou:

- Mwen gen yon mari oswa madanm, paran oswa pitit ki adilt (21 an oswa plis) ki sitwayen ameriken osinon yon konjwen ki rezidan pèmanan.
- Mwen te viktim vyolans domestik pa mari oswa madanm mwen, paran oswa pitit ki adilt.
- Mwen te viktim yon krim nan peyi Etazini.
- Konjwen , timoun, paran oswa frè ak sè mwen te viktim yon krim nan peyi Etazini.
- Yo te annwiye oswa maltrete mwen nan travay, ki gen ladann fòse mwen oswa yon santiman ke yo te fòse mwen fè travay mwen pa t' vle fè.
- Mwen se yon minè epi youn oswa toude paran mwen yo te abize m, abandone m oswa neglige m nan peyi Etazini oubyen nan peyi oriijn mwen.
- Mwen pè ke moun pral fè mwen mal si mwen retounen nan peyi oriijn mwen.
- Youn oswa toude paran mwen yo te yon sitwayen ameriken lè mwen te fèt.
- Konjwen , timoun oswa paran mwen nan lame etazini oswa se yon veteran lame peyi Etazini



Ou ka gen gwo risk pou imigrasyon arete w si nenpòt nan bagay sa yo aplike pou ou:

- Yon jij imigrasyon te bay lòd pou yo depòte m oswa retire m.
- Mwen te gen yon odyans tribinal ak yon jij imigrasyon men mwen pa t ale.
- Mwen te depoze yon aplikasyon imigrasyon e yo te ban m refi.
- Mwen te plede koupab oswa m te kondane pou yon krim nan peyi Etazini. Sa a gen ladan krim lontan, krim ki pa gen okenn santans prizon epitou ofans kondwi anba enfiliyans.
- Yo akize m aktyèlman de yon krim.
- Mwen se yon manm gang oswa manm ansyen gang.
- Lapolis panse Mmwen se yon manm gang
- Mwen ap viv avèk yon moun ki tonbe nan youn nan kategori ki anwo yo.

Konsilte yon avoka imigrasyon oswa òganizasyon sèvis legal si nenpòt nan sa ki pi wo a aplike pou ou. Jwenn èd nan cliniclegal.org/directory.